

Nim. 207

DEKRÈ EGZEKITIF

DEKLARASYON KATASTWÒF NAN KONTE ALBANY, BROOME, CHENANGO, COLUMBIA, DELAWARE, DUTCHESS, GREENE, MONTGOMERY, ORANGE, OTSEGO, RENSSELAER, SARATOGA, SCHENECTADY, SCHOHARIE, SULLIVAN, TIOGA, ULSTER, WASHINGTON AK KONTE VWAZEN YO

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 16 desanm 2020, epi kontinye apre sa, yon tanpèt nòdès frape Eta New York, ap poze yon danje pandye pou sistèm esansyèl transpò piblik, sèvis piblik, sante piblik, ak sekirite piblik nan konte Albany, Broome, Chenango, Columbia, Delaware, Dutchess, Greene, Montgomery, Orange, Otsego, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Tioga, Ulster, Washington, ak konte vwazen yo.

LÈ NOU KONSIDERE, yo prevwa tanpèt ivè sa a pral bay kantite lanèj rive jiska 24 pous, ak yon to presipitasyon rive jiska twa pou pas è, rafal van rive jiska yon vitès 64 kilomèt pa è, ak inondasyon sou kòt yo nan zòn ba yo. Yo prevwa kondisyon sa yo pral koze pàn kouran ak fèmte wout toupatou, entèripsyon vwayaj, ak dega nan pwopriyete piblik ak prive toupatou nan zòn ki frape yo, epi yo pral poze yon menas pou sante ak sekirite piblik.

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen, konstate avèk dokiman sa a gen yon katastwòf pandye kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòm sadwa. Pa konsekan, avèk dokiman sa a mwen deklare yon Ijans poutèt Katastwòf nan Eta a apati de 17 desanm 2020 andedan fwontyè teritoryal konte Albany, Broome, Chenango, Columbia, Delaware, Dutchess, Greene, Montgomery, Orange, Otsego, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Tioga, Ulster, Washington, ak konte vwazen yo. Dekrè Egzekitif sa a ap rete an vigè jiska dat 16 janvyè 2021; epi

ANPLIS DE SA, konfòmman ak Seksyon 29 nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen mande egzekisyon Plan Global Eta a pou Jesyon Ijans (State Comprehensive Emergency Management Plan) epi m otorize tout ajans ki nesèsè yo pou yo pran mezi apwopriye pou pwoteje pwopriyete Eta a epi pou ede gouvènman lokal ak moun ki touche yo nan entèveni kont katastwòf sa a epi nan refè anba li, epi pou ofri lòt èd ki nesèsè pou pwoteje sante, byennèt, ak sekirite piblik.

ANSWIT, deklarasyon sa a satisfè kondisyon 49 nan Kòd Règleman Federal yo (Code of Federal Regulations, C.F.R) 390.23(a)(1)(A), ki ofri sekou nan Pati 390 jiska 399 Règleman Federal pou Sekirite nan Konpayi Transpò (Federal Motor Carrier Safety Regulations, FMCSR). Sekou sa yo nan men FMCSR nesèsè pou kapab garanti ekip yo kapab debleye wout ki pi enpòtan yo epi akselere mouvman ekip k ap remete sèvis kouran yo nan Eta New York.

ANPLIS DE SA, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje

pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a antre an vigè a jis nan dat 16 janvyè 2021, lwa ki annapre yo:

- Seksyon 97-G nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), nan mezi sa nesesè pou achte manje, materyèl, sèvis, ak ekipman oswa founi oswa bay diferan sèvis santralize pou ede gouvènman lokal, moun, ansanm avèk lòt antite ki pa fè pati Eta a ki viktim yo nan kad efò pou reyaji a ijans poutèt katastwòf la epi refè anba li;
- Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta a, nan mezi li annakò avèk Atik V, Seksyon I nan Konstitisyon Eta a, epi nan mezi sa nesesè pou ajoute plis travay, chantye ak tan nan kontra Eta a;
- Seksyon 163 nan Lwa sou Finans Eta a ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik la (Economic Development Law), nan mezi sa nesesè pou otorize acha pwodui, sèvis, teknoloji, ak materyèl ki nesesè yo, san yo pa suiv pwosesis avi ak acha nòminal yo.

ANPLIS DE SA, mwen avèk dokiman sa a modifiye tanporèman, pou peryòd apati de dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 16 janvyè 2021, lwa ki annapre yo:

- Seksyon 24 nan Lwa Egzekitif la; Seksyon 104 ak 346 nan Lwa sou Otowout (Highway Law) la; Seksyon 1602, 1630, 1640, 1650, ak 1660 nan Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an; Seksyon 14(16) nan Lwa sou Transpò (Transportation Law) a; Seksyon 6-602 ak 17-1706 nan Lwa sou Vilaj (Village Law) la; Seksyon 20(32) nan Lwa Jeneral sou Vil (General City Law) la; Seksyon 91 nan Lwa sou Vil Dezyèm Klas yo (Second Class Cities Law); Seksyon 19-107(ii) nan Kòd Administrasyon Vil New York (New York City Administrative Code); ak Seksyon 107.1 nan Tit 21 nan Kòd, Règ ak Règleman New York yo (New York Codes, Rules and Regulations) nan mezi sa nesesè pou bay Gouvènè a otorite pou règleman sikilasyon ak mouvman veyikil sou wout yo, otowout yo, ak ri yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan disetyèm jou mwa desanm nan
ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a